

Smile Train Cleft Lip and Palate Zvinokomekedzwa mukupa vana vakaremara muromo nemhuno chikafu

1 Vamwe vana vanozvarwa vasina kuvharika pakati pemhuno nemukanwa—vanenge vakavhurika pamuromo wepamusoro kana mukanwa nechepamusoro (zvisingawoneke nekunze dzimwe dzenguva).



Unilateral Cleft Lip

Cleft Lip

Cleft Lip and Palate

Bilateral Cleft Lip
and Palate



Cleft Palate

2 Zvakakosha kuti mwana agadziriswe nachiremba. Pasinezvo, mwana angangotadza kutaura, kudyana kana kuyamwa. Uyezve, angangobatwa nehutachuwana nyorenyore.




3 Chiremba veku Smile Train vanokwanisa kugadzirisa vana pasina mubhadharo kuzvipatara zvanoshamwaridzana nazvo. Kugadzirirwa nachiremba ndiyo yega nzira yekugadzirisa hurema hwakadai kuvana.


4 Kutiva vana vakodzere kuti vagadziriswe nachiremba, zvinokurudzirwa kuti vange vaine hutano hwakanaka vachidya chikafu chinovaka muviri.



5 Zvinogona kunetsa kupa vana vakadai chikafu. Mukaka unogona kubuda nemumhuno kana kupinda mumapapu. Vana vanogona kumedza mhepo, voita kunge vaguta vobva varara, ivo vasina chikafu chakakwana chavadya.



6 Zvinokomekedzwa kuti vana vange vaine utano hwakanaka vasati vagadziriswa. Vana mai vanoyambirwa kuti vayedze nzira dzakawanda dzekupa vana chikafu. Zvinokurudzirwa kuyamwisa mwana pazamu kana zvichikwanisika. Dzimwe nzira dzekupa vana chikafu ndeidzi:



Yedzai kuti mwana ayamwe akagara.

Isai zamu ramai kurutivi rusina kuvhurika.

Svinirai mukaka mukanwa memwana zvinyoronyoro kuti uwandirire.

Potai muchiyamwisa mwana padiki-padiki muchimudzvovesa.

7 Kana zvisingakodzere kuyamwisa mukaka wamai, zvinokurudzirwa kuti mushandise dzimwe nzira dzekupa mwana chikafu. Zvimwe zvamungaite ndeizvi:




Mai vanogona kusvina mukaka wavo, vopa mwana ne bhodhoro kana chipunu.



Mai vanogona kukudza buri pa titi yebhodhoro kuti mukaka ubude wakawanda.

8 Kana mukaka wemuzamu raamai usipo, mukaka unogadzirwa wekutenga wemubhodhoro ndiwo ungatevera kusarudziwa, asi **unofanira** kugadzirwa zvachengedzeka zvinoenderana nemirairo yezvemagadzirirwo awo zvatarwa nevanougadzira. Mukaka wemombe ngauve chinhu chekupedzisira chingapiwe kana mukaka wemuzamu raamai kana wekutenga wekugadzirira mubhodhoro washaikwa.

9 Zvinokomekedzwa kuti mabhodhoro, ndiro, makapu, nezvipunu zvemwana zvinge zvachena nguva dzese. Sukai nesipo mofashaidza mumvura kwemamineti gumi. Kana zvisina kuchena, zvinopa vana hutachuwana vobva varwara.



10 Musakanganwe kuendesa mwana ku Smile Train center iripedyo nemi. Chiremba wepachipatara achawongorora mwana okuwudza musi wekuwuya kuti mwana agadziriswe.

Rangarirai! kurapwa kwevana ne Smile Train center hakubhadharwe.

